

Dat limit pou Ranmase Fatra nan Zile Vyèj Ameriken Pwolonje Jiska 7 Mas

Release Date: Fevriye 6, 2018

ST. CROIX, Zile Vyèj – Ajans Fderal Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA) te pwolonje dat limit pou vin ranmanse fatra ki sou wout leta nan St. Thomas, St. John ak St. Croix. Nouvo dat limit pou ranmasajla se 7 mas 2018.

Kòporasyon Enjenyèr Lame Etazini ap travay ak Depatman Travo Piblik Zile Vyèj yo pou retire fatra ki sou wout yo nan St. Thomas ak St. John. Se Depatman Travo Piblik ak Otorite Jesyon Fatra a k ap jere aktivite ranmasaj fatra a nan St. Croix.

Se pou yo triye tout fatra yo nan plizyè kategori (plant, fatra elektwonik, atik elektwonenaje, fatra konstriksyon) epi pou yo mete yo sou bò wout la.

###

*Gen asistans pou retabli ki disponib bay tout moun san nou pa gade ras, koulè, relijyon, nasyonalite, sèks, laj, andikap, kapasite pou pale Angle oswa nivo ekonomik. Si oumenm oswa yon moun ou konnen te viktim diskriminasyon, rele FEMA gratis nan **800-621-3362** (sèvis vokal, **711/VRS** – Sèvis Relè Videyo) (TTY: **800-462-7585**). Operatè ki pale plizyè lang disponib (peze 2 pou Panyòl).*

Misyon FEMA se pou sipòte sitwayen nou ak ekip entèvansyon ijans yo pou asire n ap travay men nan lamen antanke nasyon pou konstwi, kenbe ak amelyore kapasite nou pou pare, pou pwoteje nou, pou reponn ak pou nou retabli epi pou nou redwi tout danje yo.

Swiv nou sou twitter nan twitter.com/femaregion2 ak www.facebook.com/FEMAUSVirginIslands.



FEMA

Page 1 of 2

*Pou bay lajan owa pou pwopoze tèt ou kòm volontè, kontakte òganizasyon volontè oswa charitab ou pito a atravè Ajans Nasyonal Volontè ki Aktif pandan Dezast (National Voluntary Agencies Active in Disasters, NVOAD) nan www.nvoad.org. Moun ki ta renmen ede yo ta konsidere ke don **lajan kach** bay ajans volontè yo plis fleksibilite pou jwenn resous li plis bezwen yo epi sa ede ponpe lajan nan ekonomi lokal la pou ede biznis yo refè. Fondasyon Kominotè Zile Vyèj (The Community Foundation of the Virgin Islands) gen tou yon “Fon pou Zile Vyèj yo” nan www.USVIrecovery.org.*



FEMA

Page 2 of 2